

Gid Inisyasyon Rapid

Kijan pou kreye yon Kont nan Pòtay EVV a si Lyen w la Ekspire

Lyen pou verifye imèl ou a ekspire apre 12 èdtan. Si lyen an ekspire, ou pral bezwen klike sou Verify Email (Verifye Imèl) epi yon fenèt pral parèt pou mande ou si ou vle yo voye yon lòt imèl. Kòm yon rapèl, PCA yo, tanpri itilize aparèy pòtab ou pou etap sa.


1 Etap 1 - Si Ou Toujou Gen Imèl la

Si lyen an ekspire avan ou klike sou Verify Email (Verifye Imèl), men ou toujou gen imèl la, klike sou bouton **Verify Email** (Verifye Imèl) la pou mande yo voye yon lòt imèl pou ou. Depi ou fin klike sou bouton Verify Email (Verifye Imèl) la, ou pral redirije nan yon Sit Entènèt.

Sit Entènèt sa pral endike adrès imèl ou a verifye.

Kounye a ou kapab retounen nan bwat imèl ou. Ou ta dwe resevwa yon lòt imèl pou konfime adrès ou. Sa ka pran kèk minit pou rive nan imèl ou.

Apre tout bagay fin verifye, ou pral resevwa yon imèl ki gen tit “Set password” (Defini modpas).




2

Etap 2 - Si Ou Pa Gen Imèl la

Si ou pa gen Verify email (Verifye imèl) la, pakouri Pòtay EVV a la:

<https://ucp.hhaexchange.com/login> epi chwazi Forgot Password (Bliye Modpas).

Yap voye imèl pou Refè modpas la nan adrès imèl ou. Swiv konsiy nan Gid Inisyasyon Rapid “Chanje Modpas ou nan Pòtay EVV” a pou kreye kont Pòtay EVV ou.



Ou kapab kreye yon kont nan Pòtay EVV a kounye a si lyen w la ekspire.